

**MAKSUD, MAKNA, LAN TEGESE GUGON TUHON
NGENANI WONG MBOBOT ING DESA PURWOREJO, KECAMATAN
NGUNUT, KABUPATEN TULUNGAGUNG**

SKRIPSI



UNESA
Universitas Negeri Surabaya

dening:

AMBAR PRISTIANA

NIM 09020114026

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH (JAWA)**

2014

PASARUJUKAN

Skripsi dening : Ambar Pristiana

NIM : 09020114026

Irah-irahan : MAKSUD, MAKNA, LAN TEGESE

GUGON TUHON NGENANI WONG MBOBOT ING DESA
PURWOREJO, KECAMATAN NGUNUT, KABUPATEN
TULUNGAGUNG

Jurnal iki wis disarujuki lan murwat kanggo pandhadharan

Surabaya, 8 Mei 2014

Ngaweruhi,

Ketua Jurusan Pendhidhikan Basa Jawa

Dhosen Pembimbing Skripsi,

Drs. Sukarman, M. Si
NIP 196412311990021003

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si
NIP 19651223199103004

ABSTRAK

MAKSUD, MAKNA, LAN TEGESE GUGON TUHON NGENANI WONG MBOBOT ING DESA PURWOREJO, KECAMATAN NGUNUT, KABUPATEN TULUNGAGUNG

Nama : Ambar Pristiana
NIM : 09020114026
Prodi/ Jur. : S-1/ Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas : Bahasa dan Seni
Lembaga : Universitas Negeri Surabaya
Pembimbing : Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si
Tahun : 2014

Tembung-tembung wigati: maksud, makna, teges, gugon tuhon ngenani wong mbobot

Maksud, makna, lan teges ana sajrone gugon tuhon. Unen-unen gugon tuhon kang ana sajrone bebrayan Jawa ngemu kedadeyan sing wigati lan kudu diandharake marang wong liya. Gugon tuhon salah siji sing digunakake kanggo nggambarake pengalamane wong. Salah siji jinise unen-unen gugon tuhon yaiku unen-unen gugon tuhon ngenani wong mbobot. Gugon tuhon ngenani wong mbobot nduweni maksud, makna, lan teges senajan kasunyatan ora saben wong ngerti apa sing dadi maksud, makna, lan tegese.

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, punjere panliten bisa diperang dadi telu yaiku: (1) Apa maksud kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung? (2) apa makna kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung? (3) apa teges kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot ing desa Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung? Adhedhasar prakara kasebut panliten ngenani maksud, makna lan teges nduweni tujuwan kanggo; (1) ngandharake lan njlenrehake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung. Paedah teoretik asile panliten iki bisa migunani kanggo pangrembakane ilmu semantik mligine satuwane semantik ngenani maksud, makna, lan teges sing wis ana. Paedah praktis panliten ngenani maksud, makna, lan teges supaya bisa wenehi paedah kanggo panliti supaya luwih cetha anggane ngerteni makna sing satemene sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot lan nggampangake wong liya kanggo ngerteni maksud, makna, lan teges gugon tuhon ngenani wong mbobot. Teori sing digunakake kanggo njlentrehake lan ngandharake maksud, makna, lan teges nggunakake teori semantik generatif.

Panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot sajroning masyarakat Jawa ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung nggunakake panliten dheskriptif analitis lan nduweni sipat sinkronis. Tata carane nglumpukake dhata nggunakake metodhe semak kanthi nggunakake teknik lanjutan teknik sadhap, teknik mawa wicara, teknik tanpa wicara, teknik cathet,. Metodhe micara utawa cakap kanthi teknik lanjutan sing digunakake sajrone panliten iki nggunakake teknik cakap semuka, teknik cakap tansemuka, lan teknik cathat. Tata carane nganalisis maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing

Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung nggunakake metodhe observasi lan teknik observasi sarta metodhe semak lan teknik nyathet kanthi cara nganalisis wujud gugon tuhon adhedhasar titikane yaiku nggunakake tembung ‘aja’, ‘ora ilok’, ‘pamali’, ‘aja...mundhak’, ‘becike’, ‘apike’, ‘kudune’, lsp.

Asile andharan lan jlentrehan nuduhake maksud adhedhasar anggane medharake kanthi blaka lan samudana, makna sajorne gugon tuhon ngenani wong mbobot nuduhake makna gramatikal wantah lan makna gramatika entar. Teges kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot yaiku teges kang binabar lan teges kang sinandhi.

BAB I PURWAKA

Unen-unen ngenani gugon tuhon isih digunakake, digugu, dituhoni dening masyarakat. Masyarakat sing ora nindakake apa kang ana sajrone unen-unen gugon tuhon bakal nemoni kacilakan. Basa sing digunakake sajrone unen-unene gugon tuhon umume nduweni rasa kang memedeni mula akeh wong sing isih ngugemi unen-unen kasebut senajan durung karuwan benere. Anggone ngetrapake lan panampane ngenani unen-unen maneka warna, jalaran basa sing digunakake ana kang gampang dingerteni lan uga ana sing angel dingerteni. Salah sijine unen-unen gugon tuhon sing isih digunakake dening masyarakat ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung yaiku gugon tuhon ngenani wong mbobot.

Gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Tulungagung nduweni maksud, makna, lan teges senajan kasunyatan ora saben wong ngerti apa sing dadi maksud, makna, lan tegese. Unen-unen gugon tuhon ngenani wong mbobot anggone ngandharake nggunakake basa kang ora sabenere saengga akeh sing kliru anggone nemtokake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot. Maksud, makna, lan teges senajan beda nanging nduweni bab sing padha nyatane, ora nduweni wujud, bisa dingerteni, lan nduweni daya. Pambedhane anatarane maksud, makna, lan teges ana ing sipate. Maksud nduweni sipat subjektif, ana ing jabane basa, lan nduweni sipat lingual. Makna nduweni sipat lingual, intrenal utawa sesambungan karo basa sing digunakake, lan objektif. Dene teges bisa asipat lingual sarta non lingual lan subjektif utawa objektif.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, supaya luwih cetha ngenani maksud, makna, lan teges bakal

diandharake lan dijlentrehake ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung. Jlentrehan lan andhara ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot supaya luwih cetha anggone ngerteni lan mbedakake antarane maksud, makna, lan teges saengga ora salah panampa lan pener anggone ngecakake gugon tuhon ngenani wong mbobot.

Panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot durung ana sing nganti njimet ngandharake, njlentrehake, lan mbedakake katelune saengga ora sithik sing jumbuh anggone nemtokake maksud, makna, lan teges sawijine ukara. Kaya dene panlitene Diah Siti Wulandari (2012) saka Universitas Negeri Semarang kanthi irah-irahan *Gugon Tuhon dalam Masyarakat Jawa di Kabupaten Rembang*. Tesis anggitane Diah Siti Wulandari nлити ngenani preprincene gugon tuhon lan makna gugon tuhon ing masyarakat Jawa ing Kabupaten Rembang. Panlitene Diah nggunakake titingan etnolinguistik lan iki ora ngandharake ngenani maksud, makna, lan teges sing ana sambungane karo semantik. Mula saka panlitene Diah nuwuhake panliten iki kang bisa ngandharake lan njlentrehake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung kang nggunakake titingan semantik saengga pamaca bisa cetha anggone nemtokake maksud, makna, lan teges.

Punjere panliten iki yaiku ngenani makna, maksud, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung. Tujuwane panliten ngandharake lan njlentrehake makna, maksud, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot supaya luwih cetha

lan gampang anggone ngerteni ngenani maksud, makna, lan teges saengga ora amung nindakake gugon tuhon ngenani wong mbobot tanpa ngerti apa sing dikarepake. Asile panliten bakal migunani kanggo ngrembakane ilmu basa jawa mligine ilmu semantik lan bisa wenehi informasi marang pamaca ngenani makna, maksud, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot saengga sajrone nindakake gugon tuhon luwih cetha.

Anggone ngandharake lan njlentrehake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung nggunakake teori semantik generatif. Miturut Korzybski sajrone Parera (2004:18), semantik general yaiku studi ngenani kaluwiyane manungsa kanggo nyimpen pengalamane lan kawruh lumantar fungsine basa minangka sarana kanggo nggayutake wektu, basa kang ngiket wektu, lan basa kang ngiket umure manungsa. Semantik generatif kanggo nuduhake pendhekatan ngenani studi kang ngrembug babagan manungsa sajrone guna bahasane sing khas lan nuduhake sawijine metodhe. Ilmu ngenani manungsa bakal nemokake *keselarasan* batin lan jasmani *individu* uga masyarakat. Miturute Korzybski runtutane tembung bakal nuduhake sakabehe apa kang ana ing donya. Teori semantik generatif digunakake kanggo njlentrehake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung.

Panliten maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung nggunakake pendhekatan sinkronis utawa studi sing asipat dheskriptif jalaran basa sing diteliti sajrone waktu tartamtu. Anggone njlentrehake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut,

Tulungagung kanthi cara njlentrehake dhisik maksud panutur gugon tuhon nalika ngandharake gugon tuhon ngenani wong mbobot. Sawise njlentrehake maksud, banjur bakal diandharake makna kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot kanthi jlantreheke tembung-tembung sing digunakake sajrone unen-unen gugon tuhon ngenani wong mbobot. Asile jlentrehan ngenani maksud lan makna banjur digabungake antarane maksud lan makna. Saka asile maksud lan makna mula bakal nemokake teges kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung perlu diteliti nganti jero ngenani basane kang digunakake supaya luwih cetha lan gampang dipahami maksud, makna, lan tegese.

BAB II TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon kang saemper karo panliten iki bakal dijlentrehake ing ngisor.

Panliten Diah Siti Wulandari (2012) saka Universitas Negeri Semarang kanthi irah-irahan *Gugon Tuhton dalam Masyarakat Jawa di Kabupaten Rembang*. Tesis anggitane Diah Siti Wulandari nлити ngenani preprincene gugon tuhon lan makna gugon tuhon ing masyarakat Jawa ing Kabupaten Rembang. Asile panlitene Diah yaiku peprincen gugon tuhon adhedhasar takhayul ngenani uripe manungsa, takhayul ngenani alam gaib, takhayul ngenani penciptaan, lan takhayul liyane, sing kapindo njlentrehake makna filosofi, makna logika, lan makna kultural. Tujuwane panlitene Diah kanggo nemokake peprincene lan maknane gugon

tuhon jawa ing Kabupaten Rembang. Panlitene Diah nggunakake tintingan etnolinguistik kanthi pendhekatan kualitatif.

Skripsi kanthi irah-irahan *Gugon Tuhon dalam Masyarakat Jawa Pada Wanita Hamil dan Ibu Balita di Kecamatan Tingkir Kabupaten Salatiga* diteliti dening Khairunnisa Noor Arifah saka Universitas Sebelas Maret Surakarta. Khairunnisa nлити gugon tuhone wong mbobot lan ibu balita kanthi tintingan etnolinguistik. Lelandhesan panliten ngenani wujud gugon tuhon basa jawa, fungsi gugon tuhon basa jawa lan makna gramatikal lan makna kultural sajrone gugon tuhon basa jawa.

Adhedhasar panliten ngenani maksud, makna, lan teges gugon tuhon sing saemper mula ing panliten iki bakal ngandharake lan njlentrehake ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung kanthi nggunakake tintingan semantik. Asile panliten bisa jlentrehake kanthi luwih jlentreh ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot. Andharan lan jlentrehan maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot bisa nambahi kawruh ngenani materi maksud, makna, lan teges sing luwih njlimet.

Ing sajrone pacaturan, manungsa micara ora bisa uwal saka kang dadi kekarepane ati, manungsa anggone micara lan nindakake samubarang mono mesthi ana maksude. Maksud iku kalebu ing sajabane ujaran. Maksud minangka tujuwan sing pengin digayuh pamicara marang mitra wicarane. Kanthi ujaran iku mau, pamicara kepengin mitra wicarane ngerteni apa sing wis diujarake dening pamicara. Saliyane iku, kanthi tuturan kang ngemu maksud iku mau, dikarepake apa sing dadi kepenginane utawa tujuwane pamicara padha karo apa sing ditampa

dening mitra wicarane. Miturut Chaer (2002:35) erti (maksud) iku nduweni teges samubarang kang ana ing sajabane ujaran katilik saka segi panutur utawa wong sing omong. Wong sing ngomong iku ngujarake samubarang ujaran kang awujud ukara utawa frase, nanging sing dimaksudake ora padha karo makna ujaran iku dhewe. Miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia, erti (maksud) yaiku kekarepan, niat, tujuwan, teges (arti), makna kang kinandhut. Miturut Wijaya (2011:10) maksud yaiku elemen sajabane basa kang sumbere saka pamicara lan nduweni sipat subjektif.

Maksud ana loro yaiku sing blaka lan sing ora blaka (sumudana). Maksud kang blaka yaiku, tuturan kang nuduhake anane sesambungan antarane gagasan kang ana ing pikiran utawa *konsep* lan kasunyatan, uga ngemu teges padatan surasane lugas utawa ngemu surasa kang apa anane, lan ora ngemu teges sanepan utawa isbat, punjere uga digunakake miturut teges asline (Sasangka, 1989:238). Saengga maksud sing dikarepake iku padha karo apa sing wis diucapake dening pamicara (ujarane pamicara). Dene maksud sing ora blaka yaiku maksud kang disumudanakake, sing ditutupi. Saengga maksud saka tuturan iku ora padha karo apa sing diucapake dening pamicara (ujarane pamicara).

Adhedhasar anggone medharake, maksud bisa diwedharake kanthi cara blaka lan sumudana.

a. Blaka

Sabenere carane medharake maksud ing sajrone tindak tutur mono minangka jinise maksud iku dhewe. Mula bisa ditegesi, yen maksud kang blaka yaiku pocapan kang nuduhake anane sesambungan antarane gagasan kang ana ing pikiran utawa *konsep* lan kasunyatan, uga ngemu teges wantah utawa ngemu surasa kang apa anane, lan ora ngemu teges sanepan, punjere uga digunakake

miturut teges asline (Sasangka, 1989:238). Saengga maksud sing dikarepake iku padha karo apa sing wis diucapake dening pamicara (ujarane pamicara). Dene maksud kang blaka bisa diujarake kanthi nggunakake ukara pawarta lan ukara pakon.

b. Sumudana

Pamicara ora amung medharake maksude kanthi blaka wae, ananging pamicara bisa nggunakake cara sumudana kanggo medharake maksude. Maksud sing sumudana yaiku maksud sing disumudanakake, sing ditutup-tutupi, saengga maksud ing sajroning wicara kasebut ora padha karo apa kang diucapake pamicara kasebut. Maksud kanthi cara sumudana iki ukarane bisa awujud pawarta, pakon, lan pitakon.

Unen-unen gugon tuhon ngenani wong mbobot nggunakake ukara pakon. Ukara pakon yaiku ukara kang surasane awujud pakon utawa perintah marang wong supaya nindakake sawijining pakryan sing dikarepake sing ngongkon (Sasangka, 2011:199). Unen-unen gugon tuhon minangka wujud sawijine cara kanggo mrentah marang wong supaya nindakake pakaryan. Panemu sing padha uga diandharake dene Subagya (2009: 202), ukara pakon utawa agya iku wedharaning gagasan wong kang guneman tumuju marang wong kang diajak guneman supaya nglakoni utawa nandukake pakaryan.

Makna bisa digunakake kanggo ngandharake informasi utawa pawarta saengga bisa dingerteni dening sapa-padhane. Tegese makna lan jinise makna ing panliten iki bakal diandharake ing ngisor.

Makna yaiku *pertautan* sing ana ing antarane unsur-unsur basa (mligine tembung-tembung) (Djajasudarma, 1993:5). Andharane Djajasudarma nuduhake tembung-tembung lan unsur-unsur basa nduweni sesambungan. Makna

miturut Aminudin (2003:85) yaiku sesambungan antarane basa karo kahanan kang ana sajabane basa kang wis disarujukan antarane para panganggone. Wujude makna bisa digunakake kanggo ngandharake informasi utawa pawarta saengga bisa dingerteni dening sapa-padhane. Makna saka andharane Aminudin nduhake kesepakatan ngenani panggunane basa. Dene Wijaya (2011:17) ngandharake yen makna minangka wujud kabasan sing nduweni sesambungan karo konsep sajrone pamikire manungsa lan konsep iku umume sesambungan karo samubarang utawa bab sing ana sajabane basa kang sinebut *referen*.

Saka andharan para ahli bisa didudut, makna yaiku sesambungan antarane basa karo kahanane sajabane basa kang wis disarujuki bebarengan karo para panganggone basa lan wujude makna iku bisa digunakake kanggo njlentrehake informasi utawa pawarta, saengga bisa padha ngertine antarane panggunane basa.

Gugon tuhone wong mbobot awujud unen-unen kang nduweni struktur gramatikal. Makna sing tuwuh ing gugon tuhon ngenani wong mbobot nuduhake makna gramatikal. Makna gramatikal utawa makna fungsional, utawa makna struktural, utawa makna internal yaiku makna sing ana jalaran saka gunane tembung sajroning ukara (Pateda, 2001:103). Andharane Pateda ngenani makna gramatikal nuduhake makna kang ana sajrone tembung nalika wis madheg dadi ukara. Miturut Sasangka (2008:239) makna gramatikal yaiku makna ing sawijining ukara

Makna gramatikal bisa owah lan jumbuh karo konteks panggunane basa. Tembung bisa owah jalaran anane proses gramatikalisasi. Tembung sing nduweni makna gramatikal kaya dene amplop. Amplop nduweni makna wadah surat, nanging ing ukara

“Anggota MPR akeh sing digledhah anggota KPK jalaran oleh amplop saka proyek Ambalang”.

Amplop sajrone ukara nuduhake pesangon sing bisa awujud dhuwit. Makna amplop bisa beda gumantung saka anggone nggunakake tembung kasebut. Anggone ngandharake makna gramatikal sawijine ukara ana sing wantah lan entar. Makna gramatikal wantah lan makna gramatikal entar bisa katitik saka ukarane. Makna gramatikal kang wantah nuduhake makna tembung utawa kelompok tembung kang didhasarake kanthi nggayutake wantah antarane satuan basa lan wujud jabane basa kang dicakake ing basa kanthi bener lan pener. Dene makna gramatikal kang entar nuduhake sawijine makna ukara kang nduweni struktur gramatikal lan nggunakake tembung-tembung kang mawa entar.

Teges salah sijine perangan sing wigati sajrone ukara, jalaran kanthi weruh tegese mula bisa ngecakake sawijine tumindak kanthi bener lan pener. Teges bisa diweruhi kanthi nggayutake anatarne makna lan maksud.

Teges yaiku sesambungan antarane tandha kang arupa lambang uni sajrone pocapan karo kedadeyan sing dimaksudake (Djajasudarma, 1993:53). Kanggo nggoleki teges kita kudu nggatekake tandha-tandha ing pocapan. Ing semantik arane tandha linguistik sinebut *leksem*, lan uga diarani tembung utawa frasa. Tandha ing linguistik durung mesthi awujud tembung nanging bisa awujud rong tembung utawa luwih kang nuwuhake teges anyar (tembung camboran). Dene miturut Bloomfield sajrone Wahab (1995:40), teges iku sawijine wujud kabasan kang kudu dianalisis sajrone wewatesan unsur-unsur kang wigati sajrone kahanan ing ngendi wong kang ngomong iku ngucakne.

Aminuddin (1998:50) ngandharake yen teges iku teges sing sesambungan antarane basa karo basa sajabane basa

kang disarujuki bebarengan dening panggunane basa kasebut, saengga bisa padha-padha ngerti. Teges kang diandharake Aminuddin teges minangka pasarujukane panggunane basa supaya padha ngertine basa sing digunakake. Saliyane iku, miturut panemune Pateda (2001:79), teges yaiku tembung-tembung lan tetembungan kang mbingungake. Teges nyawiji marang omongan sajrone tembung utawa ukara. Dene miturut Kridalaksana (2008:19) uga nggandharake yen teges yaiku konsep kang nggayutake antarane maksud lan makna.

Saka andharake para ahli basa didudut, teges yaiku konsep kang nggayutake antarane maksud lan makna kang wis disarujuki dening panggunane basa saengga bisa padha ngertine. Sajroning semantik antarane teges, makna, lan erti (maksud) nduweni teges kang beda-beda. Basa bisa digawe kanggo wicara ngenani basa utawa dheweke dhewe lan sakabehing perangan sajabane basa iku. Teges, makna, lan maksud nduweni sesambungan sing raket banget, ananging katelune nduweni titikan dhewe-dhewe sing mbedakake siji lan sijine.

Teges bisa dititiki miturut sipate yaiku abstrak, nyata lan dinamis. Lambang nduweni sipat abstrak, lambang nduweni sipat arbiter (Pateda, 2010:51). Abstrak nduweni teges yen teges kuwi wujud ora bisa disawang nanging nyata lan bisa dirasakake. Teges saben pocapan ora padha gumantung apa sing diomongake lan kedadeyan sing dimaksudake. Kuwi jlentrehane yen teges kuwi dinamis utawa bisa ngalami owah-owahan.

Titikane teges saka sipate yaiku lingual-nonlingual, internal-eksternal, subjektif-objektif. Lingual lan non lingual yen teges kuwi bisa awujud kabasan lan dudu kabasan. Dudu kabasan condhonge ing tandha kang awujud solah bawane awak kanggo nuduhake apa kang dimaksudake. Tegese internal lan eksternal yaiku teges bisa ana sajroning

pocapan lan sanjabane pocapan. Teges nduweni sipat subjektif yen anggone nggunakake tandha utawa lambang ora bisa dingerteni kabeh wong. Teges nduweni sipat kaya ing ndhuwur amarga teges kuwi bisa awujud rerangken antarane makna lan maksud. Mula sipate teges dumadi saka sipate makna lan maksud. Titikan teges liyane yaiku sing diutamakake substansi-ne. Substansi yaiku apa kang ndadekake bab utawa piranti iku ana.

Pamerange teges adhedhasar maksud kang kinandhut sajroning ukara kaperang dadi loro yaiku teges eksplisit lan teges implisit (Gudai:1989:33). Teges eksplisit yaiku teges kang cundhuk karo teges pocapan satemene utawa kang tinulis. Yen teges implisit yaiku teges kang nuwuhake maksud sing beda saka apa kang diucapake utawa kang ditulis. Teges implisit nduweni sipat konvensional lan nggatekake konteks non-linguistik. Konteks nonlinguistik bisa awujud solah bawane awak, banter lirihe swara lan sapanuggale.

Gugon tuhone wong mbobot bisa dijlentrehake adhedhasar teges tembung-tembunge yaiku gugon tuhon lan mbobot. Gugon tuhon asale saka tembung *gugon* lan *tuhon*. *Gugon* asale saka tembung *gugu* oleh panambang {-an}. *Gugon* tegese sipat utawa wewatekan sing gampang nggugu marang guneme wong liya utawa dongeng. Dene *tuhon* asale saka tembung *tuhu*, oleh panambang {-an}. *Tuhon* nduweni teges tenanan (Padmasoekotjo, 1955:78). Dadi bisa didudut yen gugon tuhon nduweni teges unen-unen sing tansah digugu lan dituhoni senajan durung karuwan benere. Ing panliten iki ora ngrembug babagan kapitayan ngenani gugon tuhon nanging sing bakal dadi bahane panliten yaiku unen-unene gugon tuhon ngenani wong mbobot.

Tembung mbobot iku dialami dening wong wadon. Miturut ahli, mbobot

yaiku nimbang, meteng (Mangunsuwito, 2002:22). Wanita nindakake meteng umume sangang sasi sangang dina, nanging ana sing amung wolung sasi lan ana sing luwih saka sangang sasi, kabeh gumantung saka kaanane bakal ibu lan bakal anak.

Adhedhasar panemune para ahli, bisa didudut gugon tuhon ngenani wong mbobot nduweni teges minangka unen-unen sing digunakake dening wong mbobot kanggo paugeran anggone tumindak kang tansah digugu lan dituhoni senajan durung mesthi benere. Gugon tuhon ngenani wong mbobot ditindakake dening wong mbobot supaya bakal ibu lan anake bisa salamet lan ora ana cacade.

Panliten ngenani maksud, makna, lan teges nggunakake teori semantik generatif. Semantik generatif kanggo nemtokake makna sajrone ukara. Semantik generatif kanggo nuduhake pendhekatan ngenani studi kang ngrembug babagan manungsa sajrone guna bahasane sing khas lan nuduhake sawijine metodhe. Ilmu ngenani manungsa bakal nemokake *keselarasan* batin lan jasmani *individu* lan masyarakat. Miturut Korzybski runtutane tembung bakal nuduhake sakabehe apa kang ana ing donya. Teori semantik generatif digunakake kanggo njlentrehake maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot. Miturut teori semantik generatif, struktur semantik lan struktur sintaksis nduweni sipat homogen lan kanggo nggabungake kelorone nggunakake kaidah transformasi. Semantik lan sintaksis diteliti bebarengan karena kelorone yaiku siji. Struktur semantik minangka ikatan anatarane predikat lan argumen ing sajrone proposisi. Argumen minangka sakabehe bab sing dirembug, dene predikat minangka sakabehe sing nuduhake pakaryan, sipat, lan sapanunggalane. Anggone nganalisis ukara, teori semantik generatif nggambarake predikat lan nemtokake argumen-argumene.

BAB III METODHE PANLITEN

Panliten maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung asipat dheskriptif analisis. Panliten iki ana sesambungane karo maksud, makna lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot kang ora mung bisa didheskripsikake wae, nanging uga dianalisis unen-unene kanthi pangajab bisa luwih cetha anggane ngerteni maksud, makna lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung. Panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot sajroning masyarakat Jawa ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung iki ngandharake lan njlentrehake sakabehe ukara sing ana gayutane karo gugon tuhon, banjur dianalisis. Dhata sing dikumpulake awujud tembung, frase, ukara (unen-unen gugon tuhone wong mbobot).

Panliten maksud, makna lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Tulungagung nduweni sipat sinkronis. Saussure sajrone Mahsun (2005:84) ngandharake yen linguistik sinkronis yaiku bidhang ilmu basa sing nganalisis basa ing wektu tartamtu. Miturute Mahsun (2005:84), panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten basa sing ditindakake kanthi ndeleng *fenomenane* basa ing wektu tartamtu sahingga sipate dheskriptif. Panliten sing asipat sinkronis ana telung cara kang ditindakake yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asile panliten. Panliten sing asipat sinkronis ing panliten iki ngembug babagan maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung.

Dhata sing digunakake sajrone panliten iki awujud unen-unen gugon tuhone wong mbobot kang ana ing masyarakat ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung. Dhata arupa informasi sing awujud unen-unen gugon tuhone wong mbobot sing diklumpukake saka sumber dhata. Dhata sing dikumpulake sajroning panliten iki saka asile interaksi langsung karo subjek. Dhata saka narasumber banjur diolah lan dianalisis. Sumber data sajroning panliten iki yaiku wong kang nggunakake gugon tuhone wong mbobot sing ana ing masyarakat Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung. Sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku gugon tuhone wong mbobot sing ana ing masyarakat Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung sing ngerti lan paham ngenani gugon tuhon ngenani wong mbobot. Dene sumber dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku buku-buku sing ana gayutane karo panliten iki kaya dene kamus.

Ing panliten iki nggunakake telung tata cara panliten, yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asile panliten iki. Saben tata cara nduweni metodhe lan teknik dhewedhewe. Luwih cethane diandharake ing ngisor iki.

Dhata panliten maksud, makna lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot awujud teks utawa ukara (unen-unen gugon tuhone wong mbobot). Ukara sing dibutuhake minangka wujud saka jlentrehan ngenani gugon tuhone wong mbobot. Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki nggunakake metodhe semak lan metodhe cakap (Sudaryanto, 1993:133-140).

Metodhe semak yaiku panliti nyemak sakabehe omongan kang diomongake dening wong kang ngandharake gugon tuhon kasebut nalika

ngandharake maksud kang kinandhut sajrone gugon tuhone wong mbobot ing Tulungagung. Metodhe semak ditrapake kanthi nggunakake teknik sadhap, teknik mawa wicara, teknik tanpa wicara, lan teknik cathet. Kanthi teknik sadhap, panliti mung nyemak lan nampa sakabehe omongan saka sumber dhata kang ngandhut maksude gugon tuhon ngenani wong mbobot ing dhaerah kasebut. Teknik mawa wicara, panliti nyemak lan uga melu cecaturan karo sumber dhata saengga saka cecaturan kasebut bisa diolehi wangsulane kang cetha lan trep ngenani maksud kang ana sajrone gugon tuhone wong mbobot. Dene teknik tanpa wicara, panliti amung nyemak wae tanpa melu cecaturan nalika sumber dhata ngandharake maksude gugon tuhon ngenani wong mbobot.

Metodhe micara (*cakap*), yaiku metodhe kang ditindakake kanthi nggunakake cara omong-omongan utawa wawancara karo narasumber utawa informan (Mahsun, 2007:95). Kanthi nggunakake metodhe micara panliti bisa oleh dhata sing dibutuhake yaiku ngenani gugon tuhon. Metodhe micara nduweni teknik dhasar arupa teknik pancing jalaran wawancara sing dikarepake bisa nuwuhake dhata sing dibutuhake dhata asile pancingan saka panliti. Teknik pancing yaiku ditindakake awujud mancing pawongan supaya medharake basane. Panliti nggunakake pitakon-pitakon kang nuwuhake jawaban sing bisa nuduhake dhata sing dibutuhake. Sabanjure teknik dhasar bakal dijlentrehake sajrone teknik lanjutan yaiku teknik lanjutan cakap semuka lan teknik lanjutan cakap tansemuka (Mahsun, 2006:94). Teknik *cakap semuka* yaiku mancing pawongan utawa kanthi langsung amrih medharake basane lan saka teknik iki bakal oleh dhata saakeh-akehe. Panliti njaluk wejangan ngenani marang wong tuwa utawa sesepuh sing ngerti lan paham ngenani gugon tuhon ngenani wong mbobot, apa wae sing oleh lan ora

ditindakake dening wong mbobot lan supaya dijlentrehake apa sing dadi jalaran oleh lan orane ditindakake. Kanthi cara cakap semuka, panliti bisa pikolehi data sing luwih jero, jalaran saka dhata sing diolehi bisa dijlentrehne kanthi cetha dening narasumber. Menawa ana dhata sing durung dipahami bisa ditakonake menyang narasumber supaya dijlentrehne kanthi cetha lan jangkep. Sabanjure, teknik *cakap tansemuka* yaiku panliti mancing informan utawa wong akeh amrih caturane kanthi tanpa semuka, nanging awujud tinulis. Panliti amung mancing supaya wong-wong pada cecaturane lan panliti ngrungokake apa sing lagi dicaturake dening wong sing lagi cecaturane ngenani gugon tuhon tumrap wong mbobot lan panliti nindakake nyacet apa sing dirembug. Panliti nalika nindakake teknik cakap tansemuka amung nyuguhake pitakon siji utawa loro kanggo mancing supaya narasumber-narasumber sing ana iku bisa ngrembug gugon tuhone wong mbobot supaya bisa wenehi dhata sing dibutuhake.

Saka proses pangumpulane dhata arupa ukara ing dhaerah sing dikarepake kanthi nggunakake teknik pancing, teknik cakap semuka, lan teknik cakap tansemuka, sabanjure dhata-dhata tuturan awujud gugon tuhone wong mbobot kasebut dicathet nganggo piranti tulis utawa ing kertu dhata supaya dhata sing dikumpulake iku cetha. Saka asile dhata sing dikumpulake banjur ditindakake peprincen adhedhasar titikane gugon tuhone wong mbobot.

Tata carane nganalisis dhata kanggo nganalisis maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Tulungagung nggunakake metodhe observasi lan teknik observasi sarta metodhe semak lan teknik nyathet kanthi cara nganalisis wujud gugon tuhon adhedhasar titikane yaiku nggunakake tembung ‘aja’, ‘ora ilok’, ‘njalari’, ‘becike’, ‘kudune’, ‘apike’, lsp.’

Tata carane njlentrehake dhata gugon tuhone wong mbobot ing Tulungagung nggunakake metodhe *interpretasi* lan teknik *reduksi* (Sharpe, 1982). Metodhe lan teknik kasebut ditindakake kanggo nemokake makna kang kinandhut sajrone gugon tuhone wong mbobot ing Tulungagung kanthi cara nggoleki makna gugon tuhone wong mbobot kasebut sajrone kamus. Metodhe *interpretasi* lan teknik *reduksi* iki digunakake kanggo nganalisis dhata lan napsirake langsung makna gugon tuhone wong mbobot ing dhaerah kasebut. Asil saka wawancara kanthi cara langsung nuduhake makna kang ora salugune mula maknane gugon tuhon ngenani wong mbobot ing dhaerah kasebut kudu didadekake siji karo kahanan sabenero wong Jawa ing dhaerah kasebut kang tansah nggugu lan nggunakake gugon tuhone wong mbobot. Pungkasane dhata panliten bisa nduweni makna kang sabenero lan luwih cetha anggone netokake makna kang wantah apa entar.

Anggone ngonceki maksud kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot kasebut kanthi nggunakake metodhe semak lan teknik semak libas cakap sarta teknik cathet supaya bisa ngolehi maksud kang cetha banget ngenani maksude gugon tuhon ngenani wong mbobot kasebut saka wong kang menehi pitutur utawa kang nggunakake gugon tuhon kasebut.

Sawise panliti nemokake makna lan maksude gugon tuhon ngenani wong mbobot ing dhaerah kasebut, banjur nggunakake metodhe *interpretasi* lan teknik *reduksi* maneh kanggo nyedherhanakake dhata kang wis kasil diolehi kang awujud makna lan maksude gugon tuhon ngenani wong mbobot kanthi cara ndadekake siji makna lan maksude gugon tuhon ngenani wong mbobot ing dhaerah kasebut supaya diolehi tegese gugon tuhone wong ing Tulungagung kang sabenero lan luwih cetha.

Dhata-dhata kang wis kasil dianalisis kanthi metodhe-metodhe lan teknik-teknik ing ndhuwur banjur diklumpukake adhedhasar maksud, makna lan tegese gugon tuhon ing Tulungagung.

Dhata sing wis dikumpulake banjur diklasifikasi kanthi cara dheskriptif. Tata cara dheskriptif yaiku tata cara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung. Sakabehe dhata kang wis kasil dikumpulake lan dianalisis sajrone panliten iki yaiku arupa maksud, makna lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung.

Dhata sing wis dijlentrehake miturut Sudaryanto (1993) diandharake kanthi metodhe informal lan formal. Menawa metodhe formal nyuguhake asil panliten kanthi cara dheskripsi ngenani maksud, makna lan teges kanthi cara nyuguhake dokumen ngenani dhata minangka lampiran. Nyuguhake asile panliten kanthi cara formal yaiku kanthi ndheskripsikake ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot nggunakake angka-angka lan kodhe-kodhe. Metodhe informal ngandharake asile analisis dhata marang wong lan nggunakake tembung-tembung sing sipate ringkes supaya nggampangake anggone mahmi saka asile panliten iki.

BAB V PANUTUP

Panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ngasilake telung peprincen yaiku ngenani maksud kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot, makna kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot, lan teges kang ana sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot. Maksud gugon tuhon ngenani wong mbobot bisa diperang dadi maksud menging, maksud ngongkon, maksud menggak, lan maksud mrayogakake. Maksud adhedhasar anggone mendharake bisa kaperang dadi

maksud kang blaka lan maksud kang samudana. Dene peprincen ngenani makna sing diperang dadi makna gramatikal wantah lan makna gramatikal entar, lan peprincen ngenani teges sing diperang adhedhasar teges kang binabar lan teges kang sinandhi. Asile panliten ngenani maksud, makna, lan teges gugon tuhone wong mbobot ing Tulungagung disuguhake kanthi cara informal kanthi cara ngandharake lan njlentrehake saben ukara gugon tuhone wong mbobot.

Anggone nemtokake maksud gugon tuhon ngenani wong mbobot kanthi cara wawancara karo narasumber saengga langsung bisa weruh apa maksude, nanging panliti uga nindakake analisis adhedhasar titikane utawa wewatese gugon tuhon yaiku nggunakake wewates 'aja', 'aja...njlari', 'aja/yen...ora ilok' kang nuduhake maksud menging, lan 'yen...supaya', '-a' nuduhake maksud ngongkon, 'kok...njalari' nuduhake menggak, titikan 'becike', 'apike', 'kudune' nuduhake mrayogakake.

Makna nduweni sesambungan karo gugon tuhon ngenani wong mbobot jalaran sajrone gugon tuhon ngandhut makna. Anggone ngonceki makna sajrone gugon tuhon ngenani wong mbobot kanthi cara maca kamus basa ngenani basa sing digunakake sajrone gugon tuhone wong mbobot lan ngalsilake makna gramatikal wantah. Saliyane maca kamus, bisa weruhi makna kanthi cara wawancara lan basa sing digunakake sajrone gugon tuhon kasebut digyutake karo kasunyatan lan ngasilake makna gramatikal entar. Gugon tuhon sing nduweni makna gramatikal wantah gampang dingerteni jalaran makna gramatikal wantah padha karo makna kasunyatanane saengga ora owah lan gampang dingerteni. Dene unen-unen gugon tuhone wong mbobot sing nduweni makna gramatikal entar nuduhake sawijine andharan sing ora padha karo kasunyatanane lan sinandhi.

Teges ing panliten iki bisa diweruhi saka asile nyawijikake makna lan maksud kang kinandhut sajrone gugon tuhone wong mbobot. Maksud menging blaka, maksud menggak blaka, maksud ngongkon blaka, maksud mrayogakake blaka lan makna gramatikal wantah nuwuhake teges kang binabar, maksud menging samudana, maksud menggak samudana, maksud ngongkon samudana, maksud mrayogakake samudana lan makna gramatikal entar nuduhake teges kang sinandhi.

Panliten ngenani maksud, makna, lan tegese gugon tuhon ngenani wong mbobot ing Desa Purworejo, Kecamatan Ngunut, Kabupaten Tulungagung isih ana sing durung diteliti kanthi cetha. Panliten iki amung njlentrehake lan ngandharake ngenani maksud, makna, lan teges. Dhata sing diolehi amung saperangan lan isih akeh sing durung diklumpukake, saliyané iku ana babagan sing durung dirembug ing panliten iki kaya dene *aspek* psikologis, *aspek* sosial, *aspek* kultural, lan *aspek* pedagogis. Mula saka iku, ora nutup anane panliti liyane kanggo nindakake panliten ngenani maksud, makna, lan tegese tuhon kanthi luwih cetha lan dirembakake kanthi ngandharake lan njlentrehake *aspek-aspek* sing durung dirembug ing panliten iki. Papan anggane nglumpukake dhata bisa saka dhaerah liyane supaya bisa nandhingake antarane unen-unen gugon tuhon sing ana ing saben-saben dhaerah.

KAPUSTAKAN

- Aminudin. 2003. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: C. V. Sinar Baru.
- Arikunto, Suharsimi. 1998. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Chodjim, Achmad. 2007. *Mistik dan Makrifat Sunan Kalijaga*. Jakarta: Serambi.
- Djajasudarma, Fatimah. 1999. *Semantik I Pengantar ke Arah Ilmu Makna*. Bandung: Refika.
- Djajasudarma, Fatimah. 1999. *Semantik II Pengantar ke Arah Ilmu Makna*. Bandung: Refika.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Falsafah Hidup Jawa*. Tangerang: Cakrawala.
- Gudai, Darmawangsa. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Jakarta.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada.
- Mangunsuwito, S. A. 2001. *Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia*. Bandung: CV. Yrama Widya.
- Moleong, Lexy. J. 1994. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Karya.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Jawa*. Purworedjo: K. G. B.
- Parera, J.D. 2004. *Teori Semantik Edisi Kedua*. Jakarta: Erlangga.
- Pateda, Mansoer. 2010. *Semantik leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Boesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters.
- Subagya, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Suranaya: Unesa.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, Sri Satruya Tjatur Wisnu. 2005. *Kamus Jawa-Indonesia, Krama-Ngoko*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Slametmuljana. 1964. *Semantik*. Djakarta: Djambatan.
- Sudaryanto, dkk. 1993. *Methodha dan Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Kepatihan Danurejan.
- Sudikan, Sety Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sumarsono. 2009. *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ullman, Stephen. 2009. *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ulfa, Ike Mariya. 2008. *Makna Gugon Tuhon dalam Perkawinan Bagi Masyarakat Jawa*. Surabaya: Unesa.
- Wahab, Abdul. 1995. *Teori Semantik*. Surabaya: Airlangga University Press.
- [htt://diahsitiwulandari.com/2013/09/29/Gugon-Tuhon-dalam-Masyarakat-Jawa-di-Kabupaten-Rembang](http://diahsitiwulandari.com/2013/09/29/Gugon-Tuhon-dalam-Masyarakat-Jawa-di-Kabupaten-Rembang).